

Yon prensip pwodiktivite

Prodiktivite



“Yon ekiri ki vid rete pwòp; men yon ekiri ki vid pa rapòte anyen.” Pwovèb 14:4

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Rasin mo pwodiktivite se pwodiktif oswa fètil. Se rezilta yon aktivite. Fètil vle di ki kapab pwodui oswa repwodui. Nou di, “Yon bon tè se yon tè fètil,” sa ki vle di li gen valè paske li gen kapasite pou l pwodui. Si nou jere l byen li kapab rann nou rich lè li bannou yon revni nou jwenn nan aktivite nou fè sou li. Menmjan ak yon ekiri ki rete pwòp, pa genyen aktivite ki rapòte yon revni. Yon tè nou pa plante pa kapab rann nou rich. Se aktivite oswa pwodiktivite tè a ki pwodui revni a. toujis tankou tè genyen kapasite pou l pwodui, menmjan an Bondye di “Mwen bannou pouvwa pou nou kreye richès.” Li p at bannou richès men li te bannou kapasite pou nou kreye li oswa jwenn li. Kle pou nou jwenn li se aktivite oswa pwodiktivite. Premye kòmmanman lòm te resevwa se te “Fè pitit epi miltipliye” (pwodui epi repwodui). Bondye te kreye tout bagay epi li te bay lòm dirije yo. Rezilta sa Bondye te kreye oswa te bannou dirije nan men nou.

Yon jou yon bankye te vizite yon fèmme ki te youn nan kliyan li. Pandan li t a kondui otou kloti a, bèl batiman byen pwòp, bèl gazon byen fèt, li te etone anpil pou bote tè a. Li di fèmme konsa, “Bondye te baw pi bèl fèm nan vale sa a.” fèmme a gade chan li yo epi li sonje tout jefò li te fè epi li reponn “Wouè mon chè! Se vre. Men ou te dwe wè lè li te genyen l limenm.” Donk, ou wè, potansyèl la se tenan tè a

epi fèmme a te fè l pwodui. Men sa te mande pwodiktivite fèmme a pou te fè l vin rich.

Nan tout gason oswa fanm genyen yon potansyèl kay, fèm oswa biznis. Se noumenm ki pou pwodui li epi dirije li. Bondye te bannou kapasite ak enèji, epi li te founi nou resous yo. Si nou echwe se pa fòt li. Nan majorite ka yo, se mank pwodiktivite. Genyen 3 bagay trèzenpòtan pou nou tout si nou vle genyen siksè:

1. Nou dwe pwodiktif: merite chimen nou nan lavi.
2. Jere sa nou pwodui: pran swen li epi okipe li.
3. Fè l ak efikasite: mezire kantite nou ak kalite nou.

Kle pou efikasite se jere travay di ak pwodiktivite, premyèman, epi answit kontwol ak gouvènans. Nou pa dwe janm rete chita epi pou nou satisfè jis paske nou òganize. Òganizasyon san pwodiktivite egal echèk. Anpil fwa pwodiksyon sòti-

nan “jesyon desòd.” Nou dwe wè bèlte nan yon sèten kantite dezòganizasyon—se kapab yon siy genyen yon moun k ap travay. Konstriksyon kreye pousyè ak salte. Yon ekiri pwòp pa genyen chwal ladan l. Nou paka pwodiktif san nou pa genyen yon sèten dezòd.

Anpil gwo konpayi ap aprann kèk bon leson: twòp chèf ki òganize men ki pa pwodiktif (ekiri ki pwòp) pase tout tan yo ap jwi pwogram benefis yo, epi yo pa pwodiktif. Se pousa nou vin pi piti. Pwodiktif kapab sanble pa alamòd, epi li kapab sanble l pa òganize tout tan, men sa kontinye mache pibyen finalman. Nou di Bondye mèsè pou chwal k ap travay epi ki sal ekiri a—yo jenere revni.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè: Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Siksè vini lè nou vin damou travay sa mande pou reyalize rev nou.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete